

Palm Springs Community Middle School
1560 Kirk Road
Palm Springs, FL 33406
561-434-3300

Chè Paran/ Responsab,

Evalyasyon Florid sou Refleksyon Elèv (Florida Assessment of Student Thinking FAST ann anglè) se yon zouti pou kontwòl pwogrè yo pral itilize twa fwa pa ane pou suiv pwogrè pitit ou a nan aprantisaj "Benchmarks of Excellent Student Thinking » (Pwen Referans Estanda sou fason Elèv Panse ann anglè B.E.S.T.) Estanda pandan tout ane lekòl la. Objektif lèt sa a se pou fè w konnen pitit ou a pral patisipe nan premye tès (PM1) Evalyasyon Florid sou Refleksyon Elèv (FAST) nan Lekti ELA pou klas 6/7/8 ak evalyasyon nan Matematik nan 5-8 septanm.. Rezilta PM1 pitit ou a se pou rezon enfòmatif sèlman, epi lekòl pitit ou a ap ba w enfòmasyon sou fason pou jwenn rezilta yo apre tès la fini. Rezilta PM1 pitit ou a se pou rezon enfòmatif sèlman epi lekòl pitit ou a ap ba w enfòmasyon sou fason pou jwenn rezilta yo apre elèv yo fin konpoze.

Egzamen FAST yo se tès ki baze sou konpitè epi yo pran l sou yon konpitè oswa tablèt. Kesyon yo vin pi fasil oswa pi difisil selon fason elèv la reponn, epi chak elèv ap wè kesyon yo diferan. Chak tantativ tès (PM1, PM2, ak PM3) ap prezante 35 a 40 eleman k ap kouvri tout "plan " tès la, sa vle di elèv yo ap rankontre eleman reprezantatif estanda yo nan matyè a oswa nivo eskolè. Pou plis enfòmasyon sou fòm tès la, tanpri vizite

<https://www.fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/best/>. Si oumenm oswa pitit ou a vle entèaji avèk platfòm tès la sou entènèt oswa revize modèl eleman Lekti FAST ELA ak Matematik lakay, modèl materyèl tès yo disponib nan <https://flfast.org/families.html>.

Tanpri, revize règleman sa yo avèk pitit ou avan egzamen yo:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv yo itilize okenn aparèy elektwonik; sa enkli, men pa limite ak, telefòn pòtab, telefòn entèlijan ak mont entèlijan nan okenn moman pandan tès la **oswa** nan moman poz (egzanp, ale nan twalèt). Si yo jwenn pitit ou avèk yon aparèy elektwonik oswa yo jwenn li ap itilize Bluetooth/kask san fil /ekoutè pandan egzamen yo, y ap anile tès li a.
- **Règleman sou Kalkilatis** ---Pou egzamen Matematik F.A.S.T. klas 7^{yèm} ak 8^{yèm} ane, elèv la kapab itilize kalkilatis syantifik pòtatif yo apwouve. Pou egzamen Matematik F.A.S.T.) klas 6^{yèm} ane, yo kapab itilize yon kalkilatis pòtatif 4 fonksyon.
- **Akò sou Règleman Egzamen yo**—Tout tès yo enkli yon Akò sou Règleman egzamen yo ki di konsa: "Mwen konprann règleman sou egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa respekte règleman sa yo, yo kapab anile nòt egzamen mwen yo." Avant egzamen an kòmanse, administatè tès la li règleman yo pou elèv yo, epi elèv yo rekonèt yo konprann règleman egzamen yo lè yo klike bwat nan *secure browser* a ki endike yo konprann règ tès yo.
- **Pale sou Kontni Tès la apre Egzamen**—Y ap li pou elèv yo dènye pati règleman egzamen an, avan yo klike nan bwat pou aksepte Akò sou Règleman Egzamen an ki deklare, poutèt kontni tès leta yo sekirize, elèv yo pa dwe diskite oswa revele detay sou kontni tès yo (enkli atik, pasaj ak kesyon nan tès la) apre yo fin pran tès la. Sa enkli nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, imèl, oswa poste nan sit medya sosyal yo. Tanpri, fè sèten pitit ou a konprann règleman sa a avan egzamen yo epi fè yo sonje "diskite" sou kontni tès la enkli nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye tèks, imèl, poste nan medya sosya, oswa pataje sou entènèt. **Pandan elèv yo p ap kapab pataje enfòmasyon sou kontni egzamen yo ki sekirize, aprè tès la, règleman sa a pa fèt pou anpeche elèv pale sou eksperyans egzamen yo avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay Endepandan**—Elèv yo responsab pou fè travay yo pou kont yo pandan egzamen an epi pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo kenbe elèv yo ap pran poul pandan egzamen an, y ap anile tès yo.m
- **Akomodasyon pou Tès**—Si pitit ou genyen yon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP), yon plan Seksyon 504, oswa li se yon Elèv k ap Aprann Anglè (ELL) oswa li te fèk soti nan ELL, tanpri, kontakte lekòl la pou diskite sou akomodasyon pou tès yo pral bay pitit ou a.

Si w genyen nenpòt kesyon konsènan prezantasyon administrasyon tès sa a, ou kapab kontakte Palm Springs Middle School nan 561-434-3300.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram FAST la, tanpri vizite pòtay la nan [FLFAST.org](https://flfast.org).

Mèsi poutèt w ap sipòte pitit ou epi ankouraje l fè tout efò li pandan l ap pran egzamen sa a.

Sensèman,

Dr. Pamela McDonnough